Pou Piblikasyon Imedya: 28/02/2020 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

GOUVÈNÈ CUOMO NONMEN KOMITE K AP SIPÈVIZE KREYASYON PREMYE SIMETYÈ ANSYEN MILITÈ ETA NEW YORK LA

Komite a Ap Sipèvize Chwa Sit la ak Kreyasyon Plan Daksyon an

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a manm komite k ap sipèvize plan pou kreye premye Simetyè Ansyen Militè Eta New York ki pral bay opsyon antèman ki diy pou ansyen militè eta yo ak manm fanmi ki kalifye yo. Se Kolonèl Retrete nan Lame Amerikèn Jim McDonough, ki se Direktè Divizyon Sèvis pou Ansyen Militè (Division of Veterans Services) Eta NY k ap prezide komite a, epi sipèvize pwosesis chwa sit pou Simetyè Ansyen Militè Eta a, kreye yon plan daksyon ki prezante jesyon kontini, konfòmite ak operasyon simetyè a nan teren yo planifye antèman yo.

"Sa fè lontan deja pou New York te genyen premye Simetyè Ansyen Militè Eta a. Panèl ekspè dirijan yo ap kreye plan pou sit souvni enpòtan sa", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Se obligasyon nou pou asire ke gason ak fanm ki te fè dènye sakrifis pou pwoteje gran nasyon sa yo onere ak yon plas ki diy pou yo repoze ansanm ak kamarad militè yo nan New York."

Manm komite konplè a genyen ladan l:

- Majò Jeneral Raymond F. Shields, Jr., Komisè Divizyon Zafè Militè ak Lamarin Eta New York (New York State Division of Military and Naval Affairs)
- RoAnn Destito, Komisè Biwo Sèvis Jeneral (Office of General Services) Eta New York
- Rossana Rosado, Sekretè Eta New York e Prezidan Konsèy Simetyè Depatman Eta a
- Erik Kulleseid, Komisè Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik Eta New York (New York State Office of Parks, Recreation and Historic Preservation)

New York se youn nan ra eta nan tout peyi a ki pa gen yon simetyè Ansyen Konbatan Deta. Plis pase 70 pousan ansyen militè Eta New York, apeprè 681,000 gen plis pase 55 an, e anpil ansyen militè ak fanmi yo te plede pandan plizyè ane pou genyen yon plas repo nan eta a ki apwopriye pou vizite epi onore sakrifis yo. Men yon lwa ansyen te egzije ke eta a dwe mete sou kote 15 zan frè pou swen pèpetyèl anvan li avanse nan pwosesis chwa sit la. Nan 100yèm anivèsè Jounen Ansyen Militè a e nan kad Bidjè Egzekitif 2020 li an, Gouvènè Cuomo te entwodui lejislasyon ki amande lwa a pou retire egzijans finansman lou 15 zan an epi senplifye pwosesis pou etabli kreyasyon yon simetyè eta.

Direktè Divizyon Sèvis pou Ansyen Konbatan Eta New York la, Kolonèl Retrete Jim McDonough, te deklare, "Responsablite ki lye ak etablisman premye Simetyè Ansyen Militè Eta a pale de nesesite pou kolabore non sèlman nan gouvènman eta a, men ak patnè lokal nou yo tou. Pi piti devwa nou anvè fanmi ansyen militè nou yo se fè meyè efò nou pou asire ke lòt opsyon antèman ki diy pou ansyen militè New York yo vin yon reyalite ane sa. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou lidèchip li ak angajman li pou asire ke nou kontinye bay pi gran swen pou ansyen militè New York yo ak fanmi yo".

Anons jodi a apiye angajman kontini Gouvènè Cuomo pou ansyen militè New York yo ak fanmi yo. Pandan manda li a, Gouvènè Cuomo te pwomilge pi gwo fon peyi a pou desèvi biznis ansyen militè ki andikape yo posede yo, ki sètifiye plis pase 600 biznis jiska prezan; konvoke premye Somè Eta a sou Fanmi Ansyen Konbatan ak Militè yo; siyen Lwa sou Restorasyon Lonè a (Restoration of Honor Act) ki pèmèt ansyen militè Eta New York ki gen pèfòmans ki mwens onorab yo akoz oryantasyon seksyèl, ekspresyon jan oubyen idantite, oubyen kèk kondisyon sante mantal, pou aplike pou jwenn kalifikasyon yo pou benefis ansyen militè Eta Ne York yo restore; lanse Inisyativ Jistis pou Ewo yo (Justice for Heroes Initiative) pou finanse klinik legal nan lekòl dwa yo pou ede ansyen militè yo ak fanmi yo; epi anile frè aplikasyon pou ansyen militè k ap pran egzamen Sèvis Sivil yo.

Anplis, Gouvènè Cuomo te elaji aksè pou Bousdetid MERIT la epi ogmante Rant Parantal Gold Star la (Gold Star Parent Annuity) pou onore sila yo ki te fè dènye sakrifis nan sèvis yo. Eta a rezève tou plis pase 50 milyon dola pou tabli pwojè lojman soutyen ak lòt devlopman pou ansyen konbatan ki pa gen kay ak sa ki gen risk vin pa gen kay yo ak fanmi yo toupatou nan eta a. Efò Gouvènè Cuomo fè yo fè New York vin eta ki pi byen adapte pou ansyen konbatan nan Etazini.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

ANILE ENSKRIPSYON OU